



KÓD ETIK



TAB MATYÈ

| | |
|--|-----------|
| 1. Mesaj manm direksyon yo | 4 |
| 2. Direktè yo | 5 |
| 2.1. Diferan ak vale koperativis yo | 5 |
| 2.2. objektif, misyon, vizyon ak valè yo | 6 |
| 2.3. Politik de kalite | 7 |
| 3. Relasyon ak koperativis ki afilye yo | 8 |
| 4. Relasyon avek moun | 9 |
| 4.1. Oryantasyon jeneral | 9 |
| 4.2. Travay esklavaj/ timoun | 9 |
| 4.3. San diskrimiasyon | 9 |
| 4.4. konpotman liderans lan | 10 |
| 4.5. Libète pou pale e medya sosyal yo | 10 |
| 4.6. Konfli enterè | 10 |
| 4.7. Prim ak kado | 11 |
| 4.8. Itilizasyon ak pwoteksyon pwatrimwan nan | 11 |
| 4.9. Enfòmasyon prive ak privilejye | 11 |
| 4.10. Itilizasyon enfòmasyon moun deyò | 12 |
| 4.11. Enfòmasyon sou done pèsonèl | 12 |
| 5. Relasyon avek kliyan e konsomatè | 13 |
| 6. Relasyon avek founisè | 14 |
| 7. Relasyon avek kominote a | 15 |
| 8. Relasyon avek anviwònman an | 16 |
| 9. Relasyon avèk gouvènman an | 17 |
| 10. Relasyon avek konkiran yo | 17 |
| 11. Gesyon kòd etik AURORA COOP la | 17 |
| 12. Apwouve, veye e pataje | 18 |
| 13. Tèm de responsablite e angajman avek kòd etik Aurora Coop la | 18 |

1. Mesaj manm direksyon yo

Koperativ santral Aurora aliman an -Aurora Coop, rekonèt akòz de mak li e akòz de bon jan pwodwi li yo, se yo menm ki mod pas la pou garanti bon jan rezilta. tout fòs travay nou chita sou yon kilti koopere. Nou rekonèt ke nou responsab pou nou jwenn bon jan solisyon nan lit kont koripsyon.

Nan Aurora Coop nou preche yon konpòtman de responsabilite, nou responsab devlopman bon jan aksyon e nou priyoreze transparans ak onètete, sa gen pou li wè avèk valè nou, etik, kalite, konfyans, koperasyon, fòs ak senplisite, ki rezime kondwit Aurora coop nan biznis e ki figire nan kòd etik la. li ranfòse pwomès nou avèk anpil piblik diferan tankou: kliyan, konsomatè, koperativ, founisè, kolaboratè, kominote a ak gouvènman an.

Nou konsidere etik la kòm yon valè fundamental nan egzistans koperativ nou an pou kounya e pou lontan pou nou konstwi yon trajektwa siksè ki baze sou respè piblik nou dwe sèvis la .sa yo tou se espektatif Aurora Coop nan konpòtman pwofesyonèl li yo nan tout dimansyon.

Lè nou pa fin klè sou koman pou nou kontinye fè yon travay, kòd etik la oryante nou nan yon fason trè efikas : diferan etik Aurora Coop yo. toujou sonje ke chak grenn nan nou gen pou responsabilite pou pwoteje valè ak repitasyon Aurora Coop.

Youn nan prensipal inisyativ ki akonpanye Kod Etik la se enplatasyon sèvis a la kliyantèl la. Pou pwoteje Aurora Coop, nou swete denonse tout vye konpòtman ki ka bay Aurora Coop pwoblem. Kanal sevis pou nou kominike dout nou yo toujou aktyalize sou sit www.auroracoop.com.br/canal-de-denuncias. nou mèt kwè ke nenpòt denons ki fèt ap gen Pou l sibi yon envestigasyon.

Aurora Coop pou kont li paka fini avèk koripsyon an. Tout moun dwe mete tèt ansanm pou nou lite kont pwoblem global sa a, nan yon ide etik e responsab. se yon gwo aksyon pou mond lan ka avanse. nou pa dwe manke etik nan mitan no pou nou ka kreye yon gran koperativ.

2. Direktè yo

2.1. Prensip e valè koperativis yo.

Sèt prensip koperativism yo ki konstitye gid ki gouvène kowoperativ yo epi ki fòme baz filozofik doktrin nan. Se atravè sa manm koperativ yo mete valè yo an pratik. Prensip sa yo sòti nan lwa premye kowoperativ Rochdale te kreye a, se Alyans Kooperativ Entènasyonal (ACI) ki kenbe kounye a e yo ta dwe gide aksyon Aurora Coop ak tout moun ki gen enterè yo. yo se:

1 - Adezyon volontè epi lib - kowoperativ yo se òganizasyon volontè,ki ouvè a tout moun ki kapab sèvi ak sèvis yo epi asime responsablite kòm manm, san diskriminasyon sosyal, rasyal, politik, relijye oswa sèks.

2 - Jesyon demokratik - kowoperativ yo se òganizasyon demokratik,ki kontwole pa manm yo, ki patisipe aktivman nan fòmilyasyon politik yo ak pran desizyon. Gason ak fanm ki te eli kòm reprezantan lòt manm yo responsab devan yo. Nan kowoperativ premye degre, manm yo gen dwa vòt egal (yon manm, yon vòt).

3 - Patipasyon ekonomik manm yo – manm yo kontribye ekitabman nan kapital kowoperativ yo epi kontwole li demokratikman. Yon pati nan kapital sa a se nòmalman pwopriyete komen nan koperativ la. Anjeneral, manm yo resevwa, si sa aplikab, yon salè ki limite a sa sèlman kapital peye a, kòm yon kondisyon pou manm yo. Manm yo siyen sipli nan youn oswa plis nan objektif sa yo:

- Devlopman kowoperativ la, petèt atravè kreyasyon rezèv, yon pati nan yo, omwen, ki paka divize
- Benefis pou manm yo nan pwopòsyon ak tranzaksyon yo ak koperativ la;
- Apwi ak lot aktivite ke manm yo apwouve yo.

4 - Otonomi ak endepandans - kowoperativ yo se òganizasyon otonòm, èd mityèl,ki kontwole pa manm yo. Si yo siyen akò ak lòt òganizasyon, enkli enstitisyon piblik yo, oswa si yo itilize kapital ekstèn, yo dwe fè sa nan kondisyon ki asire kontwòl demokratik manm yo epi kenbe otonomi koperativ la.

5° - Edikasyon, fòmasyon ak enfòmasyon – kowoperativ yo fè edikasyon ak fòmasyon pou manm li yo, reprezantan eli li yo ak travayè li yo, yon fason pou yo ka kontribye efektivman nan devlopman kowoperativ yo. Yo enfòme piblik la an jeneral, sitou jèn yo ak lidè opinyon yo, sou baz a ak benefis nan koperasyon an.

6° - Entèkoperasyon – kowoperativ yo sèvi manm yon nan yon fason efikas e ba yo plis fòs pou mouvman koperativ la, nan tèt ansanm atravè estrikti lokal, rejyonal, nasyonal ak entènasyonal.

7° - Enterè kominote a – kowoperativ la travay pou devlopman dirab nan kominote yo atravè politik ki apwouve pa manm yo.

2.2. Objektif, misyon, vizyon ak valè

Objektif

Pran swen chak moun pou konsève pwosperite tout moun.

Misyon

Founi bon jan manje, pataje pwosperite nan andeyò ak nan vil yo.

Vizyon

Rekonèt kòm yon gwo koperativ nan zafè manje nan peyi brezil e nan tout mond lan.

Valè

Etik - travay avèk bon sans, onètete, respè, transparans ak tout entegrite nan relasyon;

Kalite - bay kliyan ak konsomatè yo bon jan sèvis, atravè bon jan pwosesis ak travayè ki kalifye;

konfyans - jwenn yon bon jan relasyon dirab, ki baze sou bon jan kominikasyon satisfaksyon, kredibilite ak pwomès;

kooperasyon - pratike bon jan prensip koperativ entèn, ekstèn ak koperativ ki afilye yo;

Dirabilite - lanse devlopman ekonomik, chache byenèt sosyal e pwoteje anviwonman an;

Senplisite: chache solisyon senp e pratik, rann senp pwosesis ak relasyon, toujou respekte lwa yo.



2.3. Politik de kalite

Rann kliyan yo satisfè e rann koperativ Aurora Coop aliman vin pi gran de jou en jou, pwodwi ak vann bon jan manje, sekirite ak otantik, atravè pwosesis amelyore yo, swiv lwa yo e kapasite kolaboratè yo.

Objektif kalite a

1. Satisfaksyon kliyan yo;
2. Agrandisman koperativ santral Aurora Aliman an;
3. Vin i bon de jou an jou;
4. Fonksyonè kalifye;
5. Garanti sekirite aliman yo, reponn ak lwa yo e otantike pwodwi nap vann yo.

3. Relasyon ak koperativ afilye yo

Relasyon ak koperativ afilye yo revyen ak valè etik, konfyans ak koperasyon e esansyèlman apiye sou estati sosyal la, nan objektik pou nou garanti bon jan pataj ak ekilib pou asosye nou yo, pou nou pa konfonn enterè sosyal men pito priyore transparans e bay bon jan rapò.

Pwomès li ak koperativ afilye yo se pou yo jwenn bon jan pwodiksyon, e fè grandi valè nan pwose pwodiktif yo, ki gen pou li fe grandi yon jesyon transparan nan zak estratejik, nan pataje rezilta.

Aurora Coop gen sans koperativis la, enkyetid nou se avèk moun kap travay nan chan o, chache bon jan solisyon pou yon lavi miyò pou yo ak fanmi yo, swa nan andeyò, swa nan vil yo.



4. Relasyon avek moun

4.1. Oryantasyon jeneral

Kòd Etik sa a aplikab pou tout anplwaye, reprezantan, kliyan, konsomatè, kowoperativ, kominote, gouvènman, founisè, founisè sèvis ak lòt patnè komèsyal Aurora Coop. Li dwe paramèt pou tout desizyon ak aksyon nan kontèks aktivite nan Aurora Coop oswa sou non li.

Aurora Coop kondane ak repiyè nenpòt ak tout abi pouvwa, arasman, atak oswa abi seksyèl ak/oswa vèbal, oswa nenpòt konpòtman ki ka konsidere kòm ofansif, imilyan, diskriminatwa ak/oswa ki reprezante yon menas pou lavi oswa entegrite fizik ak moral moun. moun ak/oswa antite legal.

Li entèdi pou travay sou enfliyans alkòl ak/oswa dwòg ilegal, epi itilize, posesyon ak vann bwason ki gen alkòl, sigarèt oswa dwòg ilegal nan espas travay la entèdi tou. Yo entèdi pote zam nan nenpòt kalite, eksepte lè yo gen otorizasyon kòm sadwa akòz fè egzèsis nan pwofesyon an ak wòl nan fèt nan Aurora Coop.

Aurora Coop trete anplwaye li yo ak diyete epi li bay yon anviwonman travay ak opòtinite egal pou kwasans pwofesyonèl ak pèsònèl ak respè pou libète endividyèl. Ankouraje yon anviwonman travay ki pa gen nenpòt ak tout fòm diskriminasyon.

4.2. Travay esklavaj / timoun

Pa aksepte travay fòse nan inite li yo, founisè ak patnè biznis yo, esklavaj oswa nan kondisyon ki sanble, ni itilizasyon travay timoun oswa nenpòt lòt fòm eksplorasyon. Yo ka anboche minè kòm yon apranti swivan lejislasyon an, epi asire ke travay la pa anpeche etid minè a.

4.3. San diskriminasyon

Rekonèt ak respekte dwa asosyasyon lib, ki gen ladan sendika, asosyasyon, asosyasyon pwofesyonèl, pati politik oswa nenpòt lòt antite konstitye, toutotan li egzèse yon fason responsab ak etik, nan limit legal yo.

Pa gen okenn diskriminasyon akòz ras, koulè, kwayans relijye, sèks, laj, oryantasyon seksyèl, sèks, filozofi lavi, ideoloji politik, andikap oswa limit fizik ak/oswa mantal, fason pou abiye, pale, aparans fizik, kondisyon finansye, edikasyon ak tout fòm ekspresyon, osi lontan ke endividyèlman yo respekte san prejije nan byen komen ak pwogrè nan konpayi an. Se menm respè sa a nou espere nan men tout moun, youn anvè lòt.

4.4. Konpotman liderans lan

Lè yo te anboche anplwaye a, yo enfòme li pandan entegrasyon a sou estanda fonksyonman Aurora Coop, aktivite li yo, dwa, responsablite ak benefis li yo, kote yo resevwa yon manyèl ak direktiv jeneral. Pandan w ap aprann sou aktivite yo, enfòmasyon sa yo ap elaji ak apwofondi. Se lidèchip ki pou enfòme, gide ak prepare ekip yo pou aplikasyon kòrèk politik ak estanda Aurora Coop yo, ki pèmèt anplwaye yo patisipasyon nan reyinyon ak fòmasyon, ankouraje devlopman yo, kwasans pwofesyonèl epi bay konsèy sou konfòmite avèk Kòd sa a.

Chak fwa gen dout sou kondwit lidèchip yo, konsilte estanda entèn yo oswa zòn Jesyon moun nan.

4.5. Libète pou pale e medya sosyal yo

Respekte e pwopaje libète ekspresyon nan tout entegrite, men fòk sa fèt ak responsablite epi etik, e anndan sa lalwa di yo, Aurora Coop kondane abi ak ilegalitel. Nou swete ke moun yo itilize madya sosyal yo avèk responsablite. Atitid ak jès ki ka fè efè sou lòt moun, ap sibi konsekans sa ki nan kòd lwa ki an vigè a.

Si tout fwa nou ta jwenn sou medya sosyal yo, nenpòt sijè, videwo, foto ak tout lot bagay ki ka denigre imaj Aurora coop la, nou oryante w pouw pa pataje epi tou swit pote ekip Marketing nan plent oubyen ekip kominikasyon sosyal la.

4.6. Konfli enterè

Tout fonksyonè yo dwe fè travay yo, nan enterè Aurora Coop men se pa pou yo pran avantaj patikilye, de tout fason nou dwe evite tout fòm enterè pèsone.

De tout fason, byen yo, resous yo, enfòmasyon ki disponibilize yo, dwe pwoteje enterè Aurora Coop.

Kontra fonksyonè a dwe nan avantaj Aurora Coop, teknikman palan sa dwe jistifye, pandan ke nap aplike sa ki nan lalwa ki an vigè a e sa ki nan nòm yo tou.

Kolaboratè Aurora Coop yo dwe sivilize e genyen respè youn pou lòt, avèk yon strikti san pou san pwofesyonèl, ki vize moral ak bon jan koutim, pou pa gen kont ant kòlèg yo, ant moun deyò yo ak enterè Aurora Coop yo, obsève epi aplike lwa ki nan nòm anndan travay la.

4.7. Prim ak kado

Prim ak kado pa dwe konsidere kòm benefis pèsònèl. nou dwe ofri oubyen resevwa, selman prim pwomosyonèl (kaye, tiliv, plim, kalandriye ak lòt bagay ki ka itilize anndan travay la an komen) nou dwe kenbe yo ak prekosyon, nou dwe aksepte yo oubyen ofri yo pandan ke nap respekte limit ki endike ,nan nòm ak sa lalwa di a.

Nan relasyon avèk founi sè yo, se entèdi pou resevwa komisyon, kado, benefis, don de konfratènizasyon, avantaj pèsònèl oubyen nenpot tip de enterè pesonel, kolaboratè dwe kenbe imaj Aurora Coop byen, règ sa valab pou tout depatman yo, vwayaj ak kòtezi otorize selman lèl nan enterè Aurora Coop avèk si direktè a apwouvel.

4.8. Itilizasyon ak pwoteksyon patrimwàn nan

Byen, ekipman, enstalasyon ak lòt byen Aurora Coop yo disponib pou anplwaye, moun deyò ak reprezantan li nome pou itilizasyon eksklizif nan operasyon Aurora Coop yo, epi yo pa dwe itilize pou rezon prive, eksepte nan sitiyasyon espesifik ki defini pa Aurora Coop fòmèlman apwouve. pa gwoup ki responsab la.

Se responsablite tout moun pou asire bon itilizasyon ak konsèvasyon byen Aurora Coop yo epi pran swen yo.

Itilizasyon byen, ekipman ak sistèm Aurora Coop yo reglemante atravè nòm entèn yo, ke tout anplwaye yo konnen lè yo siyen kontra.

4.9. Enfòmasyon konfidansyèl ak privilejye

Se entèdi pou divilge enfòmasyon konfidansyèl Aurora Coop yo, espesyalman enfòmasyon ki ta ka enfluyansè negosyasyon yo, ansanm ak estrateji epi enfòmasyon ki ta ka revele sekre endistriyèl yo. Enfòmasyon ki pa konfidansyèl, men pou itilizasyon entèn tankou nòm, pwosedi, dokiman operasyonèl, kote anplwaye a, moun deyò, founisè oswa founisè sèvis.

Enfòmasyon ki pa konfidansyèl men ki pa dwe pran lari yo, dwe konsève, yo pa kapab epi yo pa ta dwe pran lari, enfòmè oswa bay konesans oubyen konsyans sou yo bay moun deyò, sof si ekspresman otorize pa Aurora Coop.

Chak zòn ki gen kontak ak òganizasyon piblik, prive ak klas ki rekonèt legalman yo voye enfòmasyon detanzantan pou satisfè egzijans legal yo oswa akò ki fèt yo. Chak fwa gen yon demann diferan, ki bay dout sou pataje oswa ou pa, yo dwe konsilte depatman legal la, jan sa ekri nan akò konfidansyalite a.

Deklarasyon ofisyèl pou medya yo ka fèt sèlman avèk otorizasyon Aurora Coop, respekte tout sa ki nan Règleman Kominikasyon yo.

4.10. Itilizasyon enfòmasyon moun deyò

Aurora Coop respekte privasite ak tout moun ke li gen relasyon yo. tout enfòmasyon ke nou resevwa de moun deyò dwe itilize de manyè defansif, e selman pou nou fè yo bagay ke yo otorize nou, pandan nou dwe respekte sa lalwa nasyonal ak entènasyonal la di.

4.11. Enfòmasyon sou done pèsònèl

Koperativ Santral Aurora Aliman an, an akò ak Lwa Pwoteksyon Done Pèsònèl Jeneral yo (LGPD - Lwa No 13,709/2018), toujou chèche pwoteje ak anpeche fwit oswa transmisyon done ak enfòmasyon ki gen nati pèsònèl, ki ka mal itilize. Pou sa ka fèt, li adopte pwoteksyon enfòmasyon ak mezi sekirite nan anviwònman fizik ak elektwonik li yo, swivan sak ekri nan lwa aktyèl yo.

Tout done pèsònèl yo pataje ak founisè yo, nan objektif pou bay sèvis ak asistans ki etabli nan kontra ak/oswa lòd acha yo, yo dwe trete ak konfidansyalite, sekirite ak sèlman pou rezon yo te defini yo. se devwa founisè a pou adopte mekanis sekirite apwopriye pou pwoteksyon done, tou de nan medya fizik ak elektwonik, jan sa etabli nan Lwa a mansyone pi wo a ak lòt ki konplèman l la. Nenpòt sitiyasyon oswa ensidan nan anviwònman ou ki mete done pèsònèl Aurora Coop an risk dwe rapòte bay Aurora Coop imedyatman, yon fason pou pran mezi apwopriye pou elimine risk sa yo.

Tout moun gen responsablite pou pran swen enfòmasyon ki sikile nan zòn entèn oswa ekstèn yo, ak pi gwo responsablite ki tonbe sou anplwaye yo, ki dwe okouran de sa ki ta dwe oswa pa ka pataje, si konfidansyèl oswa ou pa. Si w gen nenpòt kesyon, konsilte Règleman sou enfòmasyon prive entèn la oswa lidè w la.





5. Relasyon avèk kliyan e konsomatè yo

Youn nan valè Aurora Coop yo se vann bon jan kalite manje, pwodwi atravè pwosesis kalifye jan nou pwomèt li a, reponn avèk bezwen kliyan an ak konsomatè yo jan sa di nan lwa ki anvigè yo. priyore respè ak dwa, kliyan ak konsomatè yo, toujou kenbe kominikasyon yo klè, presi ak transparan. nou pran swen enterè kliyan nou yo, nou byen delivre sa nou pwomèt epi nou respekte angajman komèsyal yo.

Nou disponibilize chanèl kominikasyon yo pi byen pou satisfè demann yo oswa demand kliyan yo ak konsomatè yo, bay konsèy apwopriye. nou pa tolere okenn fòm koripsyon tankou: pwomès, bay oswa resevwa benefis, oubyen tou menm resevwa ou fè move pèyman bay nenpòt moun nan objektif pou fasilite komèsyalizasyon pwodwi yo, menm si sa lakòz pèt opòtinite biznis yo. Li defini ke relasyon dirèk ki kenbe pa yon anplwaye Aurora Coop, kit ak kliyan, bay.

Founisè sèvis yo, òganis administrasyon piblik yo oswa nenpòt lòt moun deyò, ki soti nan egzèsis yon pwofesyon oswa yon metye, pa kapab epi yo pa dwe jere okenn privilèj pèsonèl oswa avantaj, pou nenpòt moun.



6. Relasyon avèk founisè yo

Relasyon Aurora Coop ak founisè li yo baze sou transparans, pwosesis lis, kodyalite ak respè. Founisè devlope yo baze sou faktè teknik, kalite ak devlopman pèmanan nan pwodwi ak sèvis ki ka ajoute valè nan biznis Aurora Coop a, ki fè efò pou enpasyalite ak absans tretman espesyal. Founisè ak founisè sèvis yo dwe enstwi anlwaye yo ak soutretan yo konsènan Kòd sa a, nan lòd pou anpeche konpòtman ki pa apwopriye, kontrèman ak kòmandman yo nan sijè a nan relasyon ak moun, epi tou konsènan Aurora Coop obeyi Kòd Kondwit la.

Ansyen anlwaye yo dwe fè anbochaj konpayi ki posede, reprezante oswa jere yo dapre pwosedi nòmal yo, ak swen nesèsè pou pa ekspozè Aurora Coop a risk.

Founisè a pa dwe janm ofri oswa pwomèt benefis pèsonèl oswa koripsyon bay nenpòt anlwaye Aurora Coop, nan objektif pou gade, kenbe biznis oswa avantaj nan relasyon an.

7. Relasyon avèk kominote a

An akò ak twa kouch dirabilite a, Aurora Coop angaje ak kominote ki antoure kote li opere a, ekprime enkyetid ak angajman pou devlopman anviwònman an, sou plan ekonomik ak sosyal . Enkyetid sa a demontre nan atitid anvè prezève travay, respè pou travayè yo, lejislasyon ak kilti lokal yo. Anplwaye yo dwe aji ann amoni ak valè Aurora Coop yo, ak entegrite, kenbe kanal dyalòg ouvè ak kominote kote Aurora Coop prezan yo, san okenn fòm diskriminasyon nan relasyon sa a. Aurora Coop ankouraje anplwaye li yo pou yo patisipe nan pwogram volontè. Aksyon volontè, atravè Fondasyon Aury Luiz Bodanese, kote li se sipòtè prensipal ak ankouraje, chèche devlope aktivite yo. aksyon entelektyèl, kiltirèl, charitab ak enstitisyon tankou: lekòl, sant edikasyon timoun piti, mezon retrèt pou granmoun aje ak lòt moun, ki vize byennèt moun ak prezèvasyon anviwònman an. Anplis anplwaye Aurora Coop yo, moun ki nan kominote a ka patisipe nan aksyon kominotè yo lè yo vin volontè atravè Fondasyon an.

Pwogram yo ak pwojè yo ak objektif yo ak aksyon yo disponib sou sit entènèt www.falb.org.br



8. Relasyon avèk anviwònman an

Aurora Coop gen devwa pou li akonpli sa ki ekri nan lalwa ki la pou prezève anviwònman an,avek tout pwoteksyon nan pwosesis, pwodwi ak sèvis yo de jou an jou pi efikas.

Rasanble tout efò nan chache solisyon pou redwi enpak anbyantal yo, pandan ke nap chache pi gran ak pi bon mwayen pou nou itilize fon enèji ki ka renouvle yo,sa kap peèt nou redwi gaz polisyon yo.


Nap chache pou nou reyitilize resous dlo yo, pandan nan kapte yo nan fon sipèfisyèl e anba tè ki kontribiye pou pwoteje resous natirèl.

Responsablite ak sosyoanbyantal la pèmèt Aurora Coop pwomove jesyon dechè solid yo,de sous likid ak emisyon atmosferik.

Konsyantize kominote a sou zafè resous natirèl,nan konsome san gaspiyay e enpòtans resiklaj materyèl yo,pandan nap apiye pwogran Sosyoanbyental yo.

Nou gen kòm kritè seleksyon founisè ki respekte anviwònman an, yon fason pou garanti pwodwi ak sèvis adekwa nan espektativ koperatè yo,kliyan yo ak konsomatè yo.

Aksyon nou yo gen pou objektif yon devlopman dirab e minimize enpak ki ka genyen nan operasyon nou yo.



9. Relasyon avèk gouvènman an

Relasyon ak ògàn gouvènmantal yo e otorite yo swiv yon liy avèk onètete, transparans, etik ak respè, ki toujou vize enterè Aurora Coop.

Aurora Coop angaje li pou li patisipe nan devlopman yon peyi de jou an jou pi jis, nan patisipasyon deba piblik, kote pi gwo enterè se se defann sosyete a an general.

Aurora coop ka patisipe nan pwose politik yo, pou li rann pi fò agrokòmès la, pandan ke lap respekte dwa tout moun nan zafè votasyon, sen atachman ak okenn pati.

10. Relasyon avèk konkiran yo

Konpetisyon lib yo egzèse sou baz konpetans ak kalite pwodwi ak sèvis, pandan yo respekte pratik mache a.

Aurora Coop aplike respè nan relasyon li ak konpetitè li yo, li pa itilize pratik ki ta ka fè mal sou konpetisyon lib ak konsomatè yo. Tout enfòmasyon ki sou mache ak konkiran yo, legal e nesèsè nan biznis la, yo tout dwe baze sou transparans e apwopriye, nou pa eksepte anyen ki pa korèk ou ankò ilegal e moralman pa aksepte okenn enfòmasyon sekret.

11. Gesyon kòd etik Aurora Coop la

Kòd Etik Aurora Coop la te devlope pa yon komite ki rele Konsèy Egzekitif e li te enkli nan kolaborasyon plizyè domèn. Se responsablite tout moun pou gaye prensip etik ak valè nan mitan kliyan yo, founisè ak lòt segman ke Aurora Coop gen yon relasyon, osi byen ke pratike sa ki ekri yo epi yo dwe yon ajan ankouraje konfòmite li yo. Aurora Coop ankouraje rapòte nenpòt pratik ki ka vyole Kòd sa a oswa ki pa dakò ak lejislasyon aktyèl la, epi li ka fè sa atravè sitwèb www.auroracoop.com.br/canal-de-denuncias ak lòt chanèl kominikasyon ki ekri yo. Sèvi ak yo yon fason responsab.

Tout fòm vanjans kont moun ki al depoze yon plent ki gen bon jan enfo ak responsablite yo entèdi. Aurora Coop angaje l pou l mennen ankèt sou plent kel resevwa kont li yo, avèk prekosyon e avèk responsablite, yon fason ki jis ak san patipri.

Vyolasyon Kòd Etik sa a ka lakòz sanksyon administratif entèn pou moun ki kozel la, sijè ak dispozisyon ki nan lejislasyon travay aktyèl la ak/oswa sanksyon sivil ak/oswa kriminel, jan lalwa egzije l la.

12. Apwouve, veye ak pataje

Kòd etik sa te awpouve pa konsèy administratif Aurora Coop la jou ki te 04 novanm 2016 la e li te sibi premyè revizyon l jou ki te 06 janvyè 2022 a e li te antre an vigè nan premye jou itil la .apre apwovasyon sa a, tout lòt sa ki te di anvan yo chanje otomatikman,nan devwa pou egale revizyon sa a,kapab gen chanjman, ak ranplasman nan nenpòt kèl moman.

Aurora Coop gen dwa pou li chanje oubyen revize nenpòt nan lwa sa san ke li pa bay okenn avètisman e san ke li pa chanje okenn kòd tou.

Kod etik sa nap pale de li a,etan done ke li aplike pou tout kolaboratè nou yo ,otomatikman li fè pati kontra travay la. an menm tan tou, li aplikab pou nenpòt lòt moun kap fè yon travay legal pou nou,menm si li pa fonksyonè nou, jan sa di a.

Kòd sa dwe divilge tout kote nan Aurora Coop epi tou li disponib sou sit www.auroracoop.com.br/canal-de-denuncias.

13. Tèm responsabilite e angajman ak kòd etik Aurora Coop la

Mwen deklare kem li e mwen konprann sa ki ekri anndan Kòd etik sa e mwen aksepte ak kondisyon. Yo me pwomèt ke map obeyi yo e asire konfomalite entegral kòd etik sa a.

Non: _____

Matrikil: _____

Unidade: _____

Dat: __/__/__

Siyati: _____



